



CRESFED
Centre de Recherche et de
Formation Economique et
Sociales pour le Développement

JILAP
Commission Episcopale
Nationale Justice et Paix

GAJ
Groupe d'Alternatives
et de Justice

ICKL
Institut Culturel Karl Lévêque

PAJ
Programme pour une
Alternative de Justice

RNDDH
Réseau National de Défense
des Droits Humains

SKL
Sant Karl Lévêque

Pòtoprens, Mèkredi 24 jiyè 2024

Nòt solidarite ak Guy NUMA

1. **Platfòm Òganizasyon Ayisyen Dwa Moun yo (POHDH)** ap denonse ak tout fòs akizasyon ak move pawòl tout kalte k ap sikile nan kèk radyo ak kèk medya an liy sou **Guy NUMA** ki se yon militan k ap travay pandan lontan nan kesyon edikasyon popilè nan anpil pwovens anndan peyi a.
2. Nan dat 5 pou rive 7 jiyè 2024 la, **Guy NUMA** t ap patisipe nan yon aktivite ki batize « Festival lam veritab » ki t ap fèt nan Kafou Jout, kolèj « Saint François de Salle » ki nan komin Sen Jan Disid. Te genyen plizyè pèsonalite ki te sot Pòtoprens pou vin patisipe nan aktivite sa a. Genyen yon endividi ki rele **Jackson DÉNA** alyas depite ki ta rale zam li epi kase tèt yon jèn gason ki rele **Jean Gardy PERCY** ki t ap patisipe nan aktivite « Festival lam veritab la ». Kèk moun ki te sou plas kouri lopital Pòsali a ak jèn gason an. Tandiske, prezime koupab la te chape poul li san pèsòn pa t wè ki kote li te fè.
3. Aprè zak banditis sa a **Jackson DÉNA** te fin komèt, youn nan òganizatè aktivite a ki se **Pè Yves EDMOND** te fè yon konferans pou Laprès nan vil Okay yon manyè pou denonse zak banditis sa a, mande Otorite Lapolis ak Lajistis nan jiridiksyon sid la pou arete otè zak la epitou depoze yon plent devan Pakè Okay la pou **Jackson DÉNA** alyas depite. Menm jou a, **Guy NUMA**, ki se youn nan òganizatè aktivite a tou, te pibliye yon nòt pou denonse zak banditis sa a ki te pase devan je l.
4. Sepandan, depi lè endividi **Jackson DÉNA** fin komèt zak la, l ap mache fè yon seri akizasyon malonèt nan kèk radyo ak kèk medya sosyal sou **Guy NUMA**, kote l akize l se manm yon gwoup gang nan kapital Pòtoprens ki vin teworize moun nan depatman sid la.

5. Nan sans sa a, **POHDH** ap raple pou tout popilasyon an an jeneral ak popilasyon sid la an patikilye, **Guy NUMA** se yon jèn gason k ap milite nan domèn edikasyon popilè nan peyi a depi lontan. **Guy NUMA** patisipe nan anpil inisyativ pwogresis. Li se manm **Mouvman Demokratik ak Popilè (MODEP)**, li se manm **Konbit Òganizasyon Politik Sendikal ak Popilè**, li se manm **Obsèvatwa pou Egalite (OPE)**, li se manm **Enstiti Kiltirèl Karl Lévêque (ICKL)**, li fè travay fòmasyon ak akonpanye peyizan nan domèn Ekonomi Sosyal ak Solidè.
6. **Platfòm nan** ap pwofite denonse yon pratik k ap devlope nan kèk vil pwovens ak kèk seksyon kominal anndan peyi a, kote depi yon moun genyen kont oubyen yon konfli ak yon lòt moun, li toujou gen tandans pou li mete etikèt gang sou do moun nan. Platfòm nan p ap aksepte pou ankenn moun serye nan peyi a viktim sou etikèt moun ki nan gang, sitou aprè anpil batay Òganizasyon dwa moun yo fè nan peyi a pou mande Leta pou respekte dwa sitwayen ak sitwayèn yo.
7. Sepoutèt sa, **Platfòm Òganizasyon Ayisyen Dwa Moun yo (POHDH)** ap mande Lapolis ak Lajistis nan jiridiksyon vil Okay :
- Fè yon ankèt prese prese sou sa ki te pase nan kad aktivite « Festival lam veritab » la nan Kafou Jout ;
 - Pakè Okay la egzekite prese prese manda ki genyen kont endividi **Jackson DÉNA** a ;
 - Mennen ankèt sou yon ansanm moun y ap mete etikèt gang sou yo ;
 - Trennen Lajistis tout moun ni enstitisyon, aprè ankèt, ki ta fè fo akizasyon sou yon moun yo ta pretann ki nan gang ;
 - Mete sèvis investigasyon yo kanpe nan departman an yon manyè pou yo pa fè moun abi.

